## अध्याय 11

# वचन

व्याकरण में शब्दन के संख्याबोधक विकारी रूप के 'वंचन' कहल जाला। व्याकरण के जानकार लोग के अनुसार, 'संज्ञा', सर्वनाम, विशेषण आ क्रिया के जवना रूप से संख्या के बोध होय, ओकरा के 'वचन' कहल जाला। वस्तु के संख्या 'एक' आ एक से अधिक 'अनेक' के आधार पर 'वचन' के दू गो भेद कइल गइल बा- एक बचन आ बहुबचन।

**एकवचन**-जवना शब्द-रूप से एक पदार्थ चाहे एक व्यक्ति के बोध होला, ओकरा के एकवचन कहल जाला, जइसे-लइका, बेटी, घोड़ा, हाथी, बाल्टी वगैरह।

**बहुवचन**- जवना शब्द रूप से एक से अधिक पदार्थ चाहे व्यक्ति के बोध होला, ओकरा के बहुवचन कहल जाला, जइसे-लइकन, घोरिन, हाथिन, बाल्टियन वगैरह।

भोजपुरी के शब्द अपना मूल रूप में एकवचन होला उनका में बहुवचन सूचक प्रत्यय चाहे बहुत्ववाची शब्द लगा के बहुवचन बनावे के प्रचलन बा।

## भोजपुरी में वचन परिवर्त्तन के नियम :

1. भोजपुरी के एकवचन वाला शब्दन में अन, अनि, अन्ह, अन्हि, आन्हि, न, न्ह, इन, उन, वनि, वन्हि, वऩ, वन्ह वगैरह प्रत्यय जोड़ के बहुवचन बनावल जाला, जइसे–गाछ–गाछन, बएल–बएलन, लइका–लइकन, घर–घरन्ह/घरन, चमार–चमारन्ह, चमारन्हि, गाछ–गाछन, गाछन्हि/गछवन वगैरह। एकरा में आकारान्त शब्द के अकारान्त आ ईकारान्त शब्द के इकारान्त बना के एह प्रत्ययन के लगावल जाला।

2. इकारान्त, ईकारान्त, उकारान्त आ ऊकारान्त एकवचन शब्दन के 'इ' चाहे 'ई' के 'इय' आ 'उ' चाहे 'ऊ' के 'उव्' हो जाला। अन से मिलके 'ई' आ 'ऊ' क्रमशः 'इयन' आ उवन हो जाला। कबो–कबो ई, ऊ का ह्रस्व आ 'अन' का 'अ' के लोप हो जाला, जइसे– हाथी–हाथियन/हाथिन, भालू–भालुवन/भालुन, बाबू–बाबुवन/बबुवन/ बाबुअन वगैरह।

3. भोजपुरी में सब, सभी, स, लोग, लोगन्ह, लोगे वगैरह बहुत्व सूचक चाहे समुच्चयवाचक शब्दन के जोड़ के एकवचन से बहुवचन बनावल जाला, जइसे–लरिका– लरिका सब, लरिका स, लरिका लोग, लरिका लोगे वगैरह/ सब, सभी शब्द के पहिलहुँ जोड़ के बहुवचन बनावल जाला, जइसे–सब हाथी/सभ हाथी, सब घोड़ा/ सभ घोड़ा, सब लरिका/ सभ लरिका, सब गाय/ सभ गाय वगैरह।

## बोध प्रश्न

### वस्तुनिष्ठ प्रश्न

1. भोजपुरी में वचन के कए गो भेद बतावल बा।

(क) एगो (ख) तीन गो

(ग) दू गो (घ) चार गो

2. 'लरिका' शब्द के बहुवचन का होई।

(क) लरके (ख) लरिकन

(ग) लरकी (घ) लरकों

### लघु उत्तरीय प्रश्न

1. वचन का ह? एकरा भेदन के परिचय दीं।
2. भोजपुरी में वचन परिवर्तन के नियम का बा, उदाहरण सहित फरिआ के लिखीं।

### दीर्घ उत्तरीय प्रश्न

1. वचन आ ओकरा भेदन के परिचय देत एकवचन से बहुवचन बनावे के नियम के बारे में बताईं।